

**SIKAP INTROVERT SAJRONE NOVEL *KEMBANG GAMBOJA JINGGA*
ANGGITANE TULUS S
(TINGINGAN PSIKOLOGI KAPRIBADEN CARL GUSTAV JUNG)**

Lailiyatul Hasanah

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
lailiyatulhasanah@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Hj. Darni, M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Novel kanthi irah-irahan *Kembang Gamboja Jingga* kuwi nyritakake sikap introvert kang disandang dening paraga Hendra. Novel iki anggitane Tulus Setiyadi. Sajrone novel iki sikap introverte paraga Hendra iki ndadekake dheweke nduweni sifat egois lan ora tanggung jawab marang kulawargane. Sikap introvert paraga Hendra nggunakake pendekatan Psikologi Sastra.

Adhedhasar andharan kasebut, prakara kang bakal dianalisis ing panliten iki yaiku: (1) Kepriye gegambarane sikap introvet sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi? (2) Kepriye problem saka sikap introvert sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi? (3) Kepriye upayane paraga sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi? (4) Kepriye akibat saka sikap introvet sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi?. Gegayutan karo underane panliten kasebut, panliten iki qnduweni tujuwan yaiku: (1) Ngandharake gegambarane sikap introvet sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi. (2) Ngandharake problem saka sikap introvert sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi. (3) Ngandharake upayane paraga kanggo nutupi prakara lumantar fungsi jiwa sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi. (4) Ngandharake akibat saka sikap introvet sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi.

Tintingan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tintingan Psikologi Sastra mligine Psikologi Kapribadhen Carl Gustav Jung. Panliten iki kalebu wujud panliten dheskriptif kualitatif. Teknik pangumpulaning dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik njingglengi lan nyathet, kanthi cara njingglengi sumber dhata lan nyathet tembung-tembung utawa ukara sing laras lan trep karo underaning panliten. Sumber panliten kang digunakake yaiku novel kanthi irah-irahan *Kembang Gamboja Jingga*.

Asiling panliten kaperang dadi papat yaiku kaping pisan ngenani sikap introverte paraga Hendra marang kulawargane lan uga ing masyarakat. Kaping loro yaiku ngenani problem kang tuwuh ing panguripane Hendra karo Widya, sadurunge Hendra lan Widya nikah wis nduweni problem yaiku ora direstui dening wong tuwane Widya, lan sawise nikah saya akeh problem utawa masalah yaiku masalah pangupajiwa lan masalah ekonomi. Kaping telu yaiku upayane Hendra ngowahi sikap introverte dadi ekstrovert marang kulawargane lan uga masyarakat, Widya uga melu ngewangi ngupaya supaya bisa ngowahi panguripane ing bebrayan. Kaping papat yaiku akibat saka sikap introverte Hendra, akibate yaiku wiwit saka Pak Prapto bapake Widya ora seneng marang penggaweyane Hendra, saka kuwi Hendra diutus golek penggaweyan liya nanging Hendra ora gelem. Wiwit kuwi bapake Widya ora seneng marang mantune lan ora gelem ngakoni yen Hendra kuwi mantune, nganti ngancem Hendra yen dheweke ora gelem golek penggaweyan liya bakal dipisahake karo Widya. Wiwit saka pangancame maratuwane Hendra wis ora wani dadi juru beksa maneh, lan wiwit kuwi uga dheweke lara nganti dadi patine.

Tembung wigati: sikap introvert lan kapribaden.

PURWAKA

Manungsa salah sawijine objek sajrone karya sastra. Antarane sastra lan psikologi iku padha-padha ngrembug sesambungane karo manungsa (Endraswara, 2011:97). Psikologi ngrembug ngenani kahanan kajiwane manungsa kanthi perkara kang nyata, dene psikologi ing sastra kuwi nyinaoni kahanan kajiwane paraga kang asipat imajinatif. Nalika ngripta karya sastra, paraga lan wewatekane mujudake salah sawijine unsur pamangune karya sastra lan dadi modhal utama kanggo ngripta karya sastra kang ana gegayutane karo kahanan psikologi kajiwane manungsa.

Saben manungsa kuwi nduweni sikap kang beda-beda ana manungsa kang sikape katutup lan ana manungsa kang terbuka. Ing sajrone teori psikologi kapribadhen Jung sikap kuwi dibagi loro yaiku Ekstrovert

lan Introvert, sikap Ekstrovert yaiku pribadi ing pengalaman objektif, munjerake diri pribadine marang bebrayan utawa kahanan sakupenge, seneng marang kahanan kang ana ing sajabane dheweke, aktif lan grapyak marang wong liya. Yen sikap Introvert yaiku ngarahake pribadi marang pengalaman kang asipat subjektif, munjerake diri ing alam jero lan dhemen dhewean adoh saka bebrayan, menengan utawa ora grapyak, malah bisa uga antisosial.

Miturut Endraswara (2008:97) sastra lan psikologi padha-padha ngrembug ngenani manungsa. Psikologi umume ngermbug kahanan kajiwane manungsa sajrone masalah kang nyata. Psikologi sastra ngrembug kahanan jiwane manungsa kang asipat imajinatif. Nalika pengarang ngripta salah sawijine crita, ing sajrone crita

kasebut ana paraga kang ora bisa uwal saka kahanan psikologise. Saka bab kuwi tuwuh ilmu psikologi sastra kang bakale nliti ngenani paraga lan wewatekane paraga minangka salah sawijine unsur pamangune karya sastra. Psikologi sastra kuwi mujudake salah sawijine ilmu kang nyinaoni babagan wewatekane manungsa.

Karya sastra minangka asil saka pamikire manungsa ngenani maneka werna kadadeyan kang dumadi sajrone panguripan saben dina. Karya sastra minangka gegambarane saka kadadeyan kang nyata sajrone panguripane manungsa lan gegambarane masyarakat kang ana ing sakupenge. Mula saka kuwi karya sastra ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Gegayutan bab kasebut, Endraswara (2008:78) ngandharake yen karya sastra minangka ekspresi panguripane manungsa sing ora bisa uwal saka bebrayan. Hutomo (1997:39) uga ngandharake yen karya sastra mujudake asil pamikire manungsa lan pangrasane kanthi cara lisan lan tulis, lumantar basa sing endah.

Semana uga sajrone karya sastra Jawa, pangripta uga nggambarake kasunyatan kang ana ing panguripane masyarakat Jawa. Karya sastra Jawa ana wiwit abad IX nganti saiki. Sastra Jawa kang urip ing bebrayan Jawa wektu iki sinebut Sastra Jawa Modern. Pangripta karya sastra Jawa modern urip ana ing bebrayan, lan nggunakake masyarakat minangka panyengkuyunge (Darni, 2015:3-4). Karya sastra Jawa modern kang memper karo sastra manca ing kene nduweni wujud kang maneka werna, tuladhane roman, short story padha karo cerkak (cerita cekak), long story padha karo cerbung (cerita sambung), poem utawa geguritan, lan novel.

Tulus Setiyadi minangka sastrawan Jawa lulusan Program Studi Teknologi Pangan lan Gizi ing Fakultas Teknologi Pertanian Universitas Widya Mataram Yogyakarta. Wiwit sekolah pancen panjenengane seneng sinau budaya lan sastra mligine kang magepokan karo budaya Jawa. Wektu kuliah nate ngudi kawruh ing Padepokan “Gerindra Pancasila Mawahyu Buwana” kagungane Prof. Dr. R. M Wisnoe Wardhana. Tulus Setiyadi uga nate sinau pedhalangan gagrak Mangkunegaran, sinau pranatacara lan pamedhar sabda. Tulus Setiyadi salah sawijine pangripta Jawa kang isih produktif ngripta karya sastra kang maneka werna judule. Dene karya-karya kang nate ditulis kayata: *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* (novel), *Sang Guru* (antologi cerkak), *Uran-Uran Katresnan* (novel), *Ringin Garing* (novel), *Sangkrah* (antologi geguritan lan cerkak). Novel kang dianggit dening Tulus Setiyadi salah sawijine yaiku kanthi irah-irahan *Kembang Gamboja Jingga* kang dienggo ing sajrone panliten iki.

Novel *Kembang Gamboja Jingga* nyritakake ngenani Hendra kang nduweni garwa jenenge Widya lan nduweni anak jenenge Angga. Hendra kuwi mau penggaweyane dadi juru beksa lan asil saka dheweke dadi juru beksa durung bisa nyukupi kabutuhane saben dina, mula saka kuwi Widya melu ewang-ewang nggawe lemper lan dititipake ing warung-warung. Nanging saya suwe mangun bale wisma Hendra owah marang garwa lan anake, Widya nduweni pananggap yen garwane Hendra kuwi mau ye lagi kedanan wong wadon liya. Suwe saya suwe ora ana tanggapan babar pisan banjur

Hendra melu neng salone banci kancane. Wiwit Widya rabi karo Hendra wong tuane Widya babar pisan ora ngrestui yen wong loro kuwi rabi, nanging wis kadung tresna banjur Widya ora nggatekake wong tuane. Salah sawijine dina ana bocah lanang kang aran Djoko melu sinau ing omahe Widya lan Hendra, saya suwe Djoko kuwi mau ngajak metu Hendra banjur Djoko kuwi ntgomong neng Hendra yen seneng karo dheweke la mangerteni yen Hendra kuwi ora normal (*Gay*) masiyo dheweke nduweni garwa lan anak. Banjur Hendra crita marang Djoko yen dheweke pancen ora normal (*Gay*) amarga kancane pas wayah padha-padha sinau nari ing Solo.

Panliten iki nganggo psikologi kapribadhen Carl Gustav Jung amarga kapribadhen paraga sajrone novel KGJ (*Kembang Gamboja Jingga*) iki cunduk karo teorine Jung ngenani sikap introvert lan ekstrovert. Paraga sajrone novel KGJ (*Kembang Gamboja Jingga*) iki nduweni kapribadhen utawa sikap sing *tertutup* utawa bisa diarani Introvert, mula saka bab kuwi sing bisa narik kawigatene panliti, lan uga psikologi kapribadhen Jung durung akeh panliti kang nggunakake teori kasebut.

Gegambarane psikologi kapribadhen kang ana sajrone novel KGJ (*Kembang Gamboja Jingga*) iki nuwuhake pitakonan kang narik kawigaten kayata, kepriye gegambarane sikap introvet, kepriye problem saka sikap introvert, upayane paraga, lan akibat saka sikap introvert. Mula sajrone panliten iki nyoba mangsuli pitakonan kasebut lan njlentrehake kathi nggunakake tintingan psikologi sastra. Saka andharan kasebut mula irah-irahan saka panliten iki yaiku Sikap Introvert sajrone Novel KGJ (*Kembang Gamboja Jingga*) anggitane Tulus Setiyadi Tintingan Psikologi Sastra.

Underane panliten iki ana papat, (1) Kepriye gegambarane sikap introvet sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi? (2) Kepriye problem saka sikap introvert sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi? (3) Kepriye upayane paraga sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi? (4) Kepriye akibat saka sikap introvet sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi?

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake struktur kapribaden sajrone novel OOS anggitane Tulus Setiyadi, ngandharake wujud ambisi novel OOS anggitane Tulus Setiyadi, lan ngandharake upaya paraga kanggo nggayuh ambisi sajrone novel OOS anggitane Tulus Setiyadi.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Kang Saemper

- (1) Skripsine Yohan Prandana (2015) Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kanthi irah-irahan *Problem Kajiwan Paraga Utama Sajrone Novel Nalika Rembulan Panglong*. Asil saka panliten iki yaiku ngenani problem kajiwan paraga utama. Panliten iki migunakake tintingan Psikologi Sigmund Freud.
- (2) Skripsine Erwindha Cahya (2017) Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kanthi irah-irahan *Rasa Sumelang Paraga Utama Sajrone Cerbung Pilihan*. Asil saka panliten iki yaiku ngenani rasa sumelang

kang dialami dening paraga utama. Panliten iki migunakake tintingan Psikologi Sigmund Freud.

- (3) Skripsine Dessy Ratnasari 2012 Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kanthi irah-irahan "*Tumindak Nyebal Paraga Utama Sajrone Cerbung Guwa Banger Anggitane Tiwiek SA kanthi Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*". Asil saka panliten yaiku ngandharake kapribadene paraga utama kang kajupuk saka solah bawane paraga utama kang akhire nyebabake owahe jiwane paraga utama.

Saka panliten sadurunge, tuwuh kawigaten kanggo nliti karya sastra tartamtu kanthi migunakake tintingan kang saemper ngenani psikologise paraga, nanging konteks lan prakara kang ditintangi beda. Prakara kang mbedakake panliten iki karo panliten sadurunge yaiku ana ing obyek karya sastra kang ditliti lan aspek kang dianalisis, uga teori kang digunakake. Ing panliten sadurunge nggunakake teori Sigmund Freud nanging ing panliten iki nggunakake teori psikologi kapribaden Carl Gustav Jung kang nengenake ing babagan sikap introvert. Sajrone panliten iki bakal ngandharake bab sikap introvert paraga utama sajrone novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi kang nggunakake teori psikologi kapribadhen Carl Gustav Jung.

Sastra lan Psikologi

Sastra bisa awujud samubarang kang tinulis lan ora tinulis. Saliyane kuwi, karya sastra uga bisa diarani karya imajinatif saka pangripta. Miturut (Wellek lan Werren, 1990:3) karya sastra yaiku salah sawijine kagiyatan kreatif karya seni. Luxembrug (1992:5) uga ngandharake yen sastra yaiku sawijine reiptan lan kreasi saka pangripta, uga pangripta nyiptakake dunya kang anyar sajrone karya sastra. Endraswara (2008:96) ngandharake yen psikologi sastra kuwi tintingan kang nganggo karya minangka aktivitas jiwa. Ratna (2004:343) uga ngandhrake yen psikologi sastra kuwi menehi kawigaten tumrap bab kajiwan paraga sajrone karya sastra. Karya sastra kang apik lan manut aliran psikologi sastra yaiku karya sastra kang bisa ngandharake ngenani batin lan jiwane paraga ing sajrone karya sastra.

Miturut (Minderop, 2010:62) sesambungane sastra lan psikologi sastra nduweni bab kang perlu dimangerteni, kaping pisan yaiku karya sastra kudu nuduhake daya pangribawa pangriptane, kaping pindho yaiku karya sastra kudu nduweni bab kang apik ing babagan gaya panulisan lan masalah basa minangka piranti kanggo nuduhake pamikira lan pangrasane pangripta, kaping telu yaiku struktur lan tema karya sastra kudu ana gayutane karo babagan kang nuduhake pamikiran lan pangrasane individu. Babagan kang wigati sajrone karya sastra yaiku kapribadhe pangripta, kaya daya imajinasine kang bisa nuduhake citrane kanthi cara nggawe paraga lan kajiwan paraga. (Endraswara, 2008:28) uga ngandharake sastra minangka kaca ora ateges nggambarake kapribadhe pangripta amarga ora mesthi kapribadhe pangripta kalebu ing sajrone karya sastra. Abrams (sajrone Minderop, 2010:62) uga ngandharake watake paraga sajrone karya sastra kang bisa nuduhake emosi saka pangripta nalika ngripta karya sastra.

Gegayutan antarane karya sastra lan psikologi uga diandharake dening Suryabrata (2004:96) kang ngandharake yen karya sastra dideleng minangka gejala psikologis, bakal ngandharake aspek-aspek kajiwan lumantar paraga sajrone karya sastra. Sastra apa dene psikologi padha-padha nyinaoni babagan uripe manungsa. Bedane, sastra nyinaoni manungsa saka daqya imajinasine pangripta, yen psikologi nyinaoni babagan manungsa kang asli.

Psikologi Sastra

Psikologi ditegese yaiku minangka ilmu ngenani jiwa. Yen sastra yaiku ilmu ngenani karaya seni kang tinulis. Dadi yen kaya mangkono psikologi sastra arupa ilmu kanggo ngaji karya sastra saka sudut kajiwan. Miturut Wellek lan Austin (1989:90), istilah psikologi sastra nduweni 4 teges. Sing wiwitan yaiku studi psikologi pengarang minangka tipe utawa minangka pribadi. Sing kaloro yiku studi proses kreatif. Sing katelu yaiku studi tipe lan hukum-hukum psikologi kang dicakake ing karya sastra. Lan sing kepapat yaiku nyinaoni psikologi pamaca. Pamanggih Wellek lan Austin kasebut menenhi pangerten yen amba banget cakupan ilmu psikologi sastra. Psikologi sastra ora mung nduweni peran sajrone salah sawijine unsur pamangun karya sastra lan saben karya sastra mesthi ana unsur psikologi.

Daya kang ana sajrone psikologi sastra yaiku problem kajiwan manungsa kang nggambarake potret jiwa. Ora mung jiwane kang ana sajrone sastra, nanging uga bisa makili jiwane wong liya. Saben pangripta mesthi nambahake pangalamane sajrone karyane lan pengalaman kuwi mau asring dirasakake dening wong liya. Endraswara (2008:16) ngandharake yen psikologi sastra kuwi sawijine *interdisiplin* antarane psikologi lan sastra. Endraswara (2008:96) uga ngandharake yen pangripta karya sastra nggunakake cipta, rasa, lan karya sajrone makarya. Semana uga kang maca, sajrone nanggapi karya uga ora bisa dipisahake saka kajiwan dhewe-dhewe.

Miturut Ratna (2004:350), psikologi sastra yaiku analisi teks nganggo peranan saka studi psikologi. Tegese psikologi nduweni peran kang wigati sajrone analisis salah sawijine karya sastra saka sudut kajiwan paraga sajrone karya sastra kasebut, bisa saka unsur pengarang, paraga utawa pamaca. Sacara umum bisa didudut yen sesambungan antarane sastra lan psikologi kuwi erat banget nganti nglahirake ilmu anyar kag diarani "Psikologi Sastra".

Sajrone karya sastra mesthi ana perangan kang nduduhake anane bab psikologise paraga lan sajrone karya sastra uga ana bab kajiwan paraga kang narik kawigatene pamaca. Miturut Minderop (2010:54) yaiku mahami aspek-aspek kajiwan kang kinandhut sajrone karya sastra. Sajrone karya sastra mesthi ana perangan nalika paragane ngalami konflik. Iki sing bisa ndadekake karya sastra narik kawigaten, amarga yen sajrone karya sastra ora ana konflik ora bisa narik kawigatene para pamaca. Uga ana saperangan kang mangribawani anane psikologi sastra sajrone karya sastra.

Teori Psikologi Kapribaden Carl Gustav Jung

Kapribaden yaiku sakabehe pikiran, pangrasa lan tumindak, sadhar lan ora sadhar. Kapribaden nuntun sawijine manungsa kanggo nglarasake lan njumbuhake diri marang lingkungan sosial lan lingkungan fisik. Psikologi kuwi kanggo mangerteni manungsa, sajrone bab iki psikologi kapribadhen ana ing posisi sentral. Mula saka kuwi pangerten sajrone bab iki bakal menehi bekal kang wigati kanggo nyiapake urip saben dina. Sujanto (2004) ngandharake kapribadhen uga bisa ditegesi minangka “kualitas perilaku individu kanggo penyesuaian tumrap panggonan kang ana ing sakupenge”. Penyesuaian kasebut ana gandeng cenenge karo aspek kapribadhen. Aspek kapribadhen ana 6 yaiku:

- | | |
|-----------------------|---------------------|
| 1. Karakter | 4. Stabilitas Emosi |
| 2. Temperamen | 5. Responsibilitas |
| 3. Sikap Tumrap Objek | 6. Sosiabilitas |

Kapribadhen yaiku bagean saka jiwa kang mangun anane manungsa dadi siji, lan ora pecah-pecah. Kapribadhen yaiku ranah kajian psikologi: pemahaman tingkah laku, pikiran, perasaan, kegiatan manusia, sistematis, metode, lan rasional psikologik.

Struktur Kapribadhen Carl Gustav Jung

Alwisol (2009:43) ngandharake yen pandhangan Jung asipat *purposive-mechanistic* yaiku tumindake manungsa kuwi dipangaribawani dening lelakon sadurunge lan lelakon sabanjure. Kapribaden yaiku sakabehe pikiran, perasaan lan tumindak, sadhar lan ora sadhar. Kapribaden nuntun sawijine manungsa kanggo nglarasake lan njumbuhake diri marang lingkungan sosial lan lingkungan fisik.

Jung ndefinisiake yen kapribadhen minangka pamikir, pangrasa, lan solah bawa kang sadar utawa ora sadar. Kapribadhen iki nduweni fungsi kanggo mbimbing pawongan supaya nengenake awake dhewe marang lingkungane. kaya kang dijlentrehake ing ngisor iki:

Kesadaran (Consciousness) lan Ego

Kesadaran (Consciousness) tuwuh ing wiwitan panguripan, isa uga sadurunge dilairake wis tuwuh. Sacara umum bayi bakal isa mangerteni sacara spesifik kuwi pas wayah bayi wis isa mangerteni obyek kang ana ing sakupenge. Miturut Jung asil wiwitan saka proses *diferensiasi* kesadaran kuwi yaiku ego. Minangka organisasi kesadaran, ego nduweni peran kang wigati kanggo nemtokake persepsi pamikir, pangrasa, lan ingatan kang kalebu ing *kesadaran*. tanpa seleksi ege, jiwa manungsa bisa ora karuan amarga akeh pengalaman kang melbu ing kesadaran. ego kuwi kanggo nyaring pengalaman sajrone kapribaden lan menehi saben pawongan rasa *kontinuitas* lan *identitas*.

Ego yaiku jiwa sadar kang terdiri dari persepsi, ingatan, pamikir lan pangrasa sadar manungsa. Ego dilairake pangrasa identitas lan kontinuitas pawongan. Saka segi pandangan pribadine saben pawongan egodipandang ana ing dimensi kesadaran. Dimensi kesadaran manungsa nduweni rong komponen pokok yaiku fungsi jiwa lan sikap jiwa, kang saben perangan nduweni peran kang wigati sajrone orientasi manungsa ing ndonya. Fungsi jiwa yaiku salah sawijine wujud aktivitas kajiwan kang sacara teori ora bisa diubah sajrone

lingkungan kang beda-beda. Jung mbedakake papat fungsi jiwa yaiku pamikir, pangrasa, pandiri lan intuisi. Pamikir lan pangrasayaiku fungsi jiwa kang rasional. Sajrone fungsine, pamikir lan pangrasa makarya nganggo penilaian. pamikir nilai nganggo dasar bener lan salah. Yen pangrasa kuwi nilai nganggo rasa seneng karo ora seneng. Kaloro fungsi jiwa kang *irasional* yaiku pandiri lan intuisi ora menehi penilaian naanging menehi pengamatan lumantar panca indra. Lan intuisi nduweni pengamatan ora sadar lumantar naluri.

Taksadar Pribadi (personal unconscious) lan kompleks (complexes)

Ketidaksadaran pribadi yaiku daerah kang cedek karo ego. Ketidaksadaran pribadi kaususun saka pengalaman-pengalaman kang nate sadar nanging banjur di *represikan*, *disupresikan*, utawa dilalekake saka pengalaman-pengalaman kang lemah kanggo nyiptakake kesan sadar kanggo sang pribadi. Pengalaman kang ora disetujui ego kanggo tuwuh ing sadar ora ilang nanging disimpen sajrone personal unconscious, saengga taksadar pribadi nduweni isi pengalaman kang ditekan nanging sawayah-wayah bisa dimunculkan neng kesadaran. kompleks yaiku kelompok kang terorganisasi utawa konstelasi pangrasa-pangrasa, pamikir-pamikir persepsi-persepsi lan ingatan-ingatan kang ana sajrone ketidaksadaran pribadi. Komplek kuwi nduweni tindakan kanggo mengkonstelasikan maneka warna pengalaman.

Tak Sadar Kolektif (Collective Unconscious)

Konsep ketidaksadaran kolektif utawa transpersonal arupa salah siji saka antarane segi-segi teori kapribadhen Jung kang paling original lan kontroversial. Kuwi mau arupa sistem psikis kang paling kuat lan paling nduweni pangribawalan ing kasus-kasus patologi kuwi ngungguli ego sarta ketidaksadaran pribadi. Ketidaksadaran kolektif yaiku gudang sisa-sisa pangling-eling kang diwraisake saka mangsa dhisik leluhur sawijine pawongan kang arupa sejarah ras manungsa minangka salah sawijine spesies dhewe nanging uga leluhur pramanusiawi utawa nenek moyang. Ketidaksadaran kolektif yaiku sisa psikis pangembangan evolusi manungsa, sisa kang numpuk minangka akibat saka pengalaman-pengalaman kang dibaleni saakehe generasi. Kabeh manungsa kurang luwih nduweni ketidaksadaran kolektif kang padha. Jung nyambungake sipat universal ketidaksadaran kolektif kuwi padha karo struktur otak ing kabeh ras manungsa kuwi disebabake evolusi umum.

Ketidaksadaran kolektif ngandhut isi-isi kang diolehake pas wayah pertumbuhan jiwa sakabehe, yaiku pertumbuhan jiwa sakabehe jenis manungsa, lumantar generasi kang wis mbiyen. Ketidaksadaran yaiku ora disadari banjur kepriye pawongan isa mangerteni. Pangertene ngenani ketidaksadaran kuwi diolehake sacara ora langsung, yaiku lumantar manifestasi saka isi-isi ketidaksadaran, manifestasi ketidaksadaran kuwi wujud te *symptom* lan *kompleks*, *mimpi*, *archetypus*.

Arkhetipe

Arkhetipe yaiku salah sawijine wujud pikiran (*ide*) *universal* kang ngandhut unsur emosi kang gedhe. Wujud

pikiran iki nyiptakake gambaran-gambaran utawa visi-visi kang sajrone panguripan sadar normal lan ana gandeng cenenge karo aspek tartamtu saka situasi.

Persona

Topeng, polatan kang dienggo kanggo ngadhepi bebrayan. Kuwi mujudake persepsine bebrayan ngenani peran kang kudu dilakoni dening sawijine manungsa sajrone uripe. Kuwi uga mujudake pangajab-ajab kepriye sejatine diri kang diamati wong liya. Persona yaiku kapribaden bebrayan, aspek-aspek pribadi kang dituduhake marang bebrayan, utawa pamanggihe bebrayan ngenani diri individu minangka kapribaden semu kang ana ing bebrayan sosial.

Persona dibutuhake kanggo survival, mbantu diri kanggo ngontrol rasa, pikiran lan tingkah laku. Tujuwane yaiku nyiptakake kesan tartamtu marang wong liya lan kerep uga ndelikake hakekat pribadine kang sebenere. Nanging yen sawijine wong wis bisa ngidentifikasi diri sejatine kanthi personane, kuwi bisa nggawe dirine asing karo diri pribadine dhewe. Dheweke bakal dadi manungsa sing palsu, mung pantulane bebrayan, dudu manungsa kang otonom.

Tipologi Jung (Tipe: Gabungan Sikap lan Fungsi)

Jung nganggo kombinasi sikap lan fungsi iki kanggo nggambarake tipe-tipe kapribaden manungsa. Dadi Jung ngrembakake teori paradigma psikoanalisis ing elaborasi konsep sikap lan fungsi nganggo paradigm tipe. Saka kombinasi sikap (ekstravert lan introvert) kanthi fungsi (pamikir, pangrasa, pancadriya, intuisi) kanthi fungsi (pamikir, pangrasa, pancadriya, intuisi) bisa mujudake wolung jinis tipe manungsa. Miturut Jung (sajrone Alwisol 2009:45) ana rong aspek kapribaden kang ana ing tingkat sadhar lan ora sadhare manungsa, yaiku *attitude (introversion – ekstraversion)* lan *function (thinking, feeling, sensing, lan intuiting)*.

Sikap Introversi (Introversion)

Sikap introversi yaiku sikap kang ngarahake pribadi marang pengalaman kang asipat subjektif, munjerake diri ing alam jero lan dhemen dhewean adoh saka bebrayan, menengan/ora grapyak, malah bisa uga antisosial. Umume wong kang introvertif kuwi seneng instropektif lan sibuk karo uripe dhewe. Manungsa introvert uga ngematake bebrayan nanging dilakoni kanthi selektif lan nganggo pandhangan subjektif dheweke dhewe.

1) Introversi – Pamikir

Wong kang nduweni emosi kang biasa, njaga jarak karo wong liya, luwih seneng idhe-idhe kang semu tinimbang nyenengi samubarang kang nyata. Wong kasebut luwih nengenake pamikirane dhewe tanpa preduli idhe-idhe mau bisa ditrima apa ora dening wong liya. Wong kasebut kaya nduweni sipat srengan, kurang preduli marang kahanan sakupenge. Wose tembung yaiku sipat njaga jarak – intelektual – ora praktis, tipe kapribadene filsuf, teoritis.

2) Introversi – Pangrasa

Wong kang ngalami ngrasakake emosional kang kuwat nanging rasa kasebut disingidake. Wong kang ndeleng sawijine bab nganggo pamanggihe – subyektif

tinimbang fakta – obyektif, menengan, prasaja. Nduweni rasa percaya diri lan jiwa kang harmonis, nanging pangrasane bisa rusak gara-gara emosi kang gedhe. Wose tembung yaiku menengan, kaya bocah cilik, tipe kapribaden saka seniman, pengarang, lan kritikus seni.

3) Introversi – Pancadriya

Luwih seneng marang sensasi-sensasi jiwane dhewe, lan ngrasa yen donya sajabane iku kurang narik kawigatene. Wong sing biasane kalem, bisa ngontrol diri pribadine, nanging uga malehake. Wong kasebut bisa nrima lan negasi kasunyatan kanthi cara subyektif kang ora ana sesambungane karo kasunyatan kang asli. Introversi – pancadriya kang ekstrim bisa dititiki kanthi anane halusinasi, ngomong sing ora bisa dingerteni dening wong liya. Wose tembung yaiku sipat pasif – kalem – artistic, tipe kapribaden saka pelukis impresionis, pemusik klasik.

4) Introversi – Intuisi

Wong kang luwih nengenake alam gambaran primordial sing wong kasebut ora bisa ngerteni maknane. Wong kasebut ora bisa sesrawungan karo wong liya kanthi efektif. Ora praktis, ngerteni kasunyatan kanthi cara subyektif. Nanging persepsi intuitif kang kuat bisa nuntun wong sajrone mutusake sawijine bab. Wose tembung yaiku sipat mistik – pemimpi – unik, tipe kapribaden saka dhukun supranatural/peramal.

Sikap Ekstraversi (Extraversion)

Sikap ekstraversi yaiku sikap kang ngarahake pribadi ing pengalaman objektif, munjerake diri pribadine marang bebrayan utawa kahanan sakupenge, seneng marang kahanan kang ana ing sajabane dheweke, aktif lan grapyak marang wong liya. Wong kang ekstrovertif kuwi tansah merhatekake wong liya lan kahanan sakupenge, aktif, santai, preduli marang bebrayan. Ekstravert luwih dipangaribawani dening donya sajabane tinimbang donya kang ana sajeroné diri pribadine.

Rong sipat kang beda mau ana sajrone kapribaden, nanging salah sawijine sipat kasebut biasane ana sing luwih onjo lan sadhar, dene sing liyane kurang onjo lan ora sadhar. Yen ego luwih asipat ekstravert sajrone sesambungan karo bebrayan pribadi bakal asipat introvert. Suwalike yen ego introvert, mula pribadine ekstravert. Mung sithik banget wong kang nduweni sipat murni ekstrovert lan murni ekstravert. Umume sawijine wong bakal nduweni saperangan elemen saka rong sipat kuwi mau, tegese manungsa umume dipangaribawani dening donya sajabane lan donya sajeroné dirine kanthi cara bebarengan. Uga, kalorone nduweni kelemahan lan kekuatan. Wong kang sehat psikise yaiku wong kang bisa ngratakake rong sikap iku mau, ngrasa tentrem karo donya sajeroné lan donya sajabane.

1) Ekstraversi – Pamikir

Wong kang biasane ora preduli marang wong liya (*impersonal*), luwih ngempet rasane marang kahanan kasebut. Wong kang nduweni prinsip kasunyatan kang obyektif, ora mung kanggo diri pribadine nanging uga kepengin wong liya padha karo dheweke. ora sakabehe pamikiran obyektif iku asipat prodhuktif. Upama ora ana anggepan indhividhu sing tuwuh mung kasunyatan. Wose

tembung yaiku sipat obyektif – kaku – ora preduli, tipe kapribaden matematikawan, panliti, ahli mesin, akuntan.

2) Ekstraversi – Pangrasa

Wong kang pangrasane gampang owah miturut kahanane. Emosional lan kebak pangrasa, nanging uga seneng sesrawungan lan pamer. Gampang sesrawungan lan gampang nyelarasake diri. Wose tembung yaiku sipat semangat – kebak rasa seneng – sosiabel, tipe kapribaden saka actor, politisi, pengacara.

3) Ekstroversi – Pancadriya

Wong kang realistik, praktis, lan ngengkel. Nrima apa wae kasunyatan lan apa anane tanpa dipikir kanthi temenan. Kadhang kala uga nduweni sipat sensitif, kebak katresnan lan gairah. Sensasi pancadriyane ora dipangaribawani dening sikap obyektif, bisa mbedakake kasunyatan kanthi rinci. Wose tembung yaiku sipat realistik – ngrangsang – nyenengake, tipe kapribaden saka wong kang nyambut gawe ing bidhang kuliner, ahli cat, pemusik pop, nanging uga bisa bisnisan.

4) Ekstraversi – Intuisi

Nduweni orientasi kang faktual, nanging pangertene dipangaribawani dening intuisi, kang bisa dadi kosok balen saka kasunyatan kasebut. Mesthi golek gagasan kang anyar. Wong kasebut pinter anggone ngedegake lan ngrembakake usaha anyar, nanging minate bisa owah sawektu-wektu. Wose tembung yaiku sipat efektif – tansah owah – kreatif, tipe kapribaden saka penanam modhal, wiraswastawan, penemu (*inventor*).

METODHE

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kuwalitatif. Metodhe deskriptif yaiku sawijine metodhe kang digunakake kanggo panliten adhedhasar kasunyatan sajrone kedadeyan (*fenomena*) lan urip saben dinane para panutur, saengga diasilake arupa andharan (Aminuddin, 1990:92). Panliten kualitatif minangka panliten kang ditindakake kanthi ora ngutamakake angka-angka, nanging ngutamakake penghayatan tumrap interaksi konsep kang dikaji kanthi empiris (Endraswara, 2013:5). Anggone nyuguhake dhata tumrap panliten dheskriptif kualitatif yaiku kanthi wujud deskriptif. Ancasing panliten kualitatif yaiku mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta sesambungane karo pangripta kang ditintingi.

Saliyane kuwi, pendekatan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku pendekatan psikologi. Pendekatan psikologi gegayutan karo pangripta, karya sastra, lan pamaca (Ratna, 2013:61). Pendekatan psikologi sajrone panliten iki mligine gegayutan karo karya sastra. Mula, panliten kualitatif dheskriptif digunakake amrih bisa menehi gambaran kang gamblang, sistematis lan akurat ngenani sikap introverte paraga sajrone novel *KGJ* kanthi nggunakake pendekatan psikologis kanthi teori *psikologi kapribaden Carl Gustav Jung*. Panliten iki dianalisis kanthi metodhe panliten kualitatif dheskriptif kang diperang dadi patang underan panliten, antarane yaiku gegambaran sikap introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus S, problem saka sikap

introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus S, upayane paraga ngowahi sikap introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus S lan akibat saka sikap introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus S.

Sumber dhata yaiku subjek asal saka dhata kang dijupuk (Arikuntoro, 2006:129). Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku asale saka dhata teori psikologi kapribadhen Carl Gustav Jung lan novel kanthi irah-irahan *Kembang Gamboja Jingga* anggitane Tulus Setiyadi. Karya sastra iki mujudake karya sastra kang awujud novel.

Dhata panliten iki awujud tembung-tembung, ukara lan wacana (Ratna, 2004:47). Cundhuk karo andharan ing ndhuwur mula obyek ing panliten iki nggunakake teori psikologi kapribadhen Carl Gustav Jung tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana sajrone novel *Kembang Gamboja Jingga* kang ngemot ngenani underane panliten.

Sajrone panliten butuhake instrumen minangka piranti kanggo nglumpukake dhata, lan kanggo nyengkuyung proses njupuk sawijine dhata. Instrumen ing panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti ing kene minangka subjek kang bakal nindakake panliten, lan instrumen liya kang bisa nyengkuyung proses anggone njupuk dhata antarane yaiku : pulpen, petelot, buku lan kertas kanggo nulis dhata kang wis diwaca.

Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku maca, nyathet, lan riset kapustakan. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake kanggo ngasilake cara maca teks utawa literatur kang dadi sumbere panliten, banjur menehi tandha-tandha marang bab kang dipilih sajrone novel *KGJ* kang gegayutan karo apa kang bakal dirembug. Dene teknik kapustakan yaiku nglumpukake dhata-dhata utawa bahan-bahan kang dijupuk saka sumber kapustakan sarta dokumen liya.

Tata cara analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Tujuwan metodhe iki yaiku nggawe deskripsi gegambaran kanthi sistematis, nyata, lan akurat ngenani kasunyatan sarta gegayutan antarane kedadeyan kang diteliti. Kanggo ngasilake dhata-dhata kang dibutuhake panliten iki bakal nggunakake cara kanthi milih perangan kang ana sesambungane karo sikap introverte paraga sajrone novel *KGJ*.

Tata cara nulis asile panliten nuduhake pangupaya panulis kanggo nyuguhake asile nganalisis dhata kanthi rancag lan sistematis. Andharan ngenani tata cara nulis asile panliten ngenani sikap introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus S diandharake ana ing ngisor iki.

BAB I : Ngandharake purwaka sing isine lelandhesane panliten, underane panliten, ancase panliten lan paedha panliten.

BAB II : Ngandharake tintingan kapustakan sing isine panliten sadurunge kang saemper, sesambungane sastra lan psikologi sastra, novel teori psikologi kapribadhen Carl Gustav Jung.

BAB III : Ngandharake metode panliten sing isine ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten,

instrumen panliten, tata cara pangumpule dhata, tata cara panjlentrehe dhata, lan tata cara panyuguhe asile panliten.
BAB IV : Ngandharake andharan asile panliten kang kaperang dadi papat sub bab yaiku

- 1) Ngandharake gegambarane sikap introvert paraga utama sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus Setiyadi, kuwi selaras karo teori psikologi kapribadhen Carl Gustav Jung, yaiku kanthi nemokake sikap introverte paraga utama.
 - 2) Ngandharake apa wae wujud arkethip utawa tumindak paraga utama sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus Setiyadi. Panliten iki asipat obyektif ngandharake persona minangka wujud arkethip utawa tumindake paraga utama.
 - 3) Nglumpukake, ngrinci, lan mriksa dhata kang di nduweni lan ana gegayutane antarane paraga siji lan liyane, konflik-konflik, lan wujud sikap introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus Setiyadi.
 - 4) Nggolongake dhata kang wis diklumpukake adhedhasar sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane yaiku sing apik lan ora apik. Uga konflik-konflik kang ana sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus Setiyadi.
 - 5) Menehi dudutan ngenani sikap introvert kang ana sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus Setiyadi..
- Bab V : ngandharake ngenani dudutan lan pamroyaga saka asile panliten.
- Kapustakan : Nuduhake buku-buku sumber utawa buku referensi kang nunjang proses psikologi sastra.
- Lampiran : Sinopsis saka crita novel *KGJ* anggitane Tulus S.

ANDHARAN

Gegambarane Sikap Introvert sajrone novel *KGJ* anggitane Tulus Setiyadi

Gegambarane sikap introvert paraga utama sajrone novel *KGJ* kuwi diperang dadi 2 yaiku sikap introvert marang kulawarga lan sikap introvert marang masyarakat kang bakal dijlentrehake ing ngisor iki siji mbaka siji. Saben pawongan nduweni sikap kang beda-beda, ana kang nduweni sikap Ekstrovert lan ana sing nduweni sikap Introvert, ing panliten iki bakal mbahas paraga kang nduweni sikap Introvert. Sikap introvert kuwi pribadi kang asipat subjektif, munjerake diri ing alam jero lan dhemen dhewean adoh saka bebrayan, menengan utawa ora grapyak, malah bisa uga antisosial. Umume wong kang introvertif kuwi seneng instropektif lan sibuk karo uripe dhewe. Manungsa introvert uga ngematake bebrayan nanging dilakoni kanthi selektif lan nganggo pandhangan subjektif dheweke dhewe. Sikap introvert uga ana 4 jinis yaiku sikap introvert pamikir, pangrasa, pancadriya lan intuisi, lan sing paling onjo utawa dominan ing novel iki yaiku Sikap Introvert Pangrasa.

Sikap introvert kuwi pribadi kang asipat subjektif, munjerake diri ing alam jero lan dhemen dhewean adoh sakan bebrayan, menengan utawa ora grapyak, malah bisa uga antisosial. Sikap introvert uga ana papat yaiku introvert pamikir, pangrasa, pancadriya, lan intuisi.

Paraga Hendra ing novel *KGJ* iki kuwi ngarah ing introvert pangrasa, introvert pangrasa yaiku Wong kang ngalami utawa ngrasakake emosional kang kuwat nanging rasa kasebut disingidakake. Wong kang ndeleng sawijine bab nganggo pamanggihe – subyektif tinimbang fakta – obyektif, menengan, prasaja. Nduweni rasa percaya diri lan jiwa kang harmonis, nanging pangrasane bisa rusak gara-gara emosi kang gedhe. Wose tembung yaiku menengan, kaya bocah cilik, tipe kapribaden saka seniman, pengarang, lan kritikus seni. Sikap introvert paraga Hendra kuwi uga ana rong perangan yaiku sikap introvert marang kulawarga lan sikap introvert marang masyarakat.

4.1.1 Sikap Introvert marang kulawarga

Saben pawongan kuwi nduweni rong sikap yaiku introvert lan ekstrovert, nanging saka rong sikap kuwi mau mesthi ana salah siji sikap kang dominan. Ing sajrone novel iki sikap paraga Hendra kuwi condong neng sikap introvert. Paraga sajrone novel *KGJ* iki yaiku Hendra nduweni sikap introvert pangrasa, amarga sikap introvert pangrasa kuwi biasae sikape pawongan kang aktif ing bidang seni utawa kang aran seniman. Saben pawongan kang nduweni sikap introvert kuwi ora mesthi nuwuhake sikap sing ala marang keuwarga utawa ing masyarakat. Nanging ing kene sikap introverte Hendra nuwuhake sikap ala yaiku egois lan ora tanggung jawab marang kulawargane.

Satemeane yen wis nduweni garwa lan anak kudu bisa nyisihake wektu kanggo kulawarga, nanging Hendra malah ora nate gati marang kulawargane, uga dheweke ora nate ngregani lan ngajeni garwane. Samestine yen wis nduwe garwa lan anak kuwi kudune luwih perhatian lan sayang karo anak lan garwane, nanging Hendra ora kaya mangkono. Sikap introverte Hendra sing ndadekake dheweke dadi wong sing egois lan ora tanggung jawab, dheweke mangerteni yen wis nduweni kulawarga, nanging ora tau gati marang kulawargane. Kaya sawise bubar maghrib Hendra lagi bali, kanthi rambute teles awit bar kudan. Sepedha motor dijagang ing teras ngarep, lan mantele dicenthelne neng cagak teras. Banjur dheweke njupuk salin lan melbu ing kamar mandi. Mangerteni garwane teka kanthi polatan sing kaya mangkono Widya age- age nyepakake kopi lan mangan kanggo garwane. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Mas, iki kopi lan mangane,”
kandhane Widya nalika weruh garwane wis rampung adus.

“Mengko wae isih wareg.”

Widya mung meneng wae karo lungguh mbarengi anake sing lagi nonton tivi. Hendra banjur mlebu kamar lan turu njrebabah ing amben. Menawa wis ngono kuwi Widya ora wani nganggu. (*KGJ*, 2017:09)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Hendra ora ngregani garwane lan ora ngreken anake. Batine Widya satemeane rumangsa gela dene garwane menawa bali ing omah kanthi polatan sing ora ngepenakake. Menawa

wong wadon kuwi mung pengin digatekake lan diregani, ora kok saben mulih ing omah mung mangan, turu lan salin. Anak ya butuh kasih sayang saka wong tua lorone, banjur Widya nyawang anake rumangsa prihatin. Pancen bocah cilik durung ngerti apa-apa, lan mung bisa nyawang bapakne sing ora nate ngreken dheweke lan ibuke. Nalika bapakne mulih Angga mung nyawang bapakne wae tanpa ana kawigaten babar pisan. Menawa marani arep njaluk gendhong, mesthi tembungé “Ndherek ibu wae, bapak isih kesel.” Kayangapa batine Widya weruh kadadeyan kaya ngono. Atine kaya diiris-iris ora mentala ngeluhna anak siji-sijine.

Sikap Introvert marang masyarakat

Saben pawongan mesthi nduweni sikap kang beda-beda, sikap uga kaperang dadi loro yaiku sikap introvert lan ekstrovert. Salah siji saka sikap loro kuwi mau mesti ana sing dominan, ing novel KGJ iki sikap kang disandhang dening paraga Hendra sing paling dominan yaiku sikap introvert. Pawongan kang nduweni sikap introvert ing ngendi wae papan lan panggonane dheweke tetep nganggo sikap introverte, kamangka minangka manungsa kang urip ing sakupengen masyarakat sing bener kudu bisa mapanake awake.

Ana ing sajrone bab penggaweyan ora bisa nganggo sikap introvert, amarga kuwi ngemot profesionalitas dalam bekerja. Dadi kudune Hendra paraga sajrone novel KGJ iki ora nggango sikap introvert ing penggaweyane. Dheweke kuwi dadi juru beksa kang wis dipercaya dening wong akeh, kabeh seneng marang Hendra, wis pinter nari uga dheweke kuwi ganteng. Nanging Hendra saiki malah sering gawe kuciwane pawongan kang nanggap dheweke dadi juru beksa, wis dijagakna nanging dheweke ora teka menawa dheweke teka banjur njaluk bayaran sing larang, dadi wong-wong padha ora seneng karo Hendra amarga ora tanggung jawab marang penggaweyane lan nyusahne wong sing arep nanggap dheweke. Saben pawongan yen wis nduweni penggaweyan kuwi kudu bisa tanggung jawab lan bisa dipercaya, amarga wong kuwi sing dicekel kuwi omongane lan wong-wong bisa percaya kuwi saka tindak tanduk utawa tata kramane. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

Calangan-calan sing wis ditampa akeh sing padha mbatalna. Bareng dijagakna Hendra ora sida teka. Mesthi wae gawe kuciwane wong akeh. Kabar angin sing ditampa Widya jare anggone garwane ora teka, awit dolan karo bocah wadon. Alasan kang ora bisa ditampa lan ora tanggung jawab. Kabeh gawe wirange kulawarga awit saka polahe Hendra. (KGJ, 2017:11)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen akeh wong kang nanggap Hendra kuwi mbatalna kabeh amarga Hendra ora tanggung jawab marang penggaweyane. Amarga apa kang dadi alasane Hendra kuwi ora alasan kang tanggung jawab marang penggaweyane. Kabeh gawe wirange kulawarga awit saka polahe Hendra. Ana

kabar maneh jare Hendra njaluk upah sing luwih dhuwur, nganti sing nanggap wis wegah. Widya nganthi judeg dene ana rejeki akeh ora ditampani malah gawe dolanan. Satemen Hendra luput yen dheweke nduweni sikap kang kaya mangkono marang pawongan kang nanggap dheweke, kudune dheweke luwih bisa ngregani lan ngormati. Amarga dheweke kuwi bisa entuk rejeki ya saka pawongan kang nanggap dheweke.

Samestine yen dheweke wis niat dadi juru beksa ya kudu tanggung jawab lan ora nggarai gelane wong akeh, amarga saiki sing dicekel kuwi omongane, yen omongane wae wis ora bisa dicekel wong-wong bakal males nanggap dheweke maneh, kamangka saiki uga wis akeh wong sing dadi juru beksa ora mung Hendra wae sing dadi juru beksa. Uga alasan kang dienggo Hendra kanggo ora ngleboni calangan kuwi kalebu alasan sing ora tanggung jawab, mula saka kuwi kabeh wong kuciwa marang sikap Hendra sing kaya mangkono. Saben wong sing wis nduweni penggaweyan kuwi, kudune bisa tanggung jawab lan bisa dipercaya, dadi wong kuwi bakal ngregani lan bakal seneng marang penggaweyan kang dilakokake.

Problem Saka Sikap Introvert Sajrone Novel KGJ Anggitane Tulus Setiyadi.

Saben pawongan kang urip ing bebrayan kuwi mesthi wae nduweni problem utawa masalah. Lan saben pawongan kang urip ing bebrayan kuwi problem utawa masalahe beda-beda. Nanging kabeh kuwi kudu tetep dilakoni amarga ora ana wong kang urip ing bebrayan ora nduweni problem utawa masalah. Problem utawa masalah kang ana ing sajrone novel KGJ iki bakal dijilentrehake, sajrone novel KGJ iki akeh problem utawa masalah kang tuwuh ing bale wismane paraga Hendra lan Widya. Saben wong kang mangun bale wisma kuwi mesthi ana problem utawa masalah kang diadhepi, nanging kudu tetep bisa ngatasi lan ngadhepi. Jenenge wong urip kuwi kabeh sing ngatur gusti kang maha agung dadi kudu bisa namapa lan nglakoni apa sing wis ginaris.

Ora dipangestoni

Saben pawongan mesthi bakale jejodhoan marang apa kang wis digarisake dening gusti, ananging kudu pikantuk restu saka wong tuwa loro. Amarga restu kuwi bab kang wigati sajrone bale wisma, amarga yen ora oleh restu saka wong tuwa ora bakal barokah. Amarga restune wong tuwa kuwi uga restune gusti ingkang maha kuasa. Menawa ora oleh restu saka wong tuwa bisa wae uripe ora kepenak, jenenge wong tuwa kuwi mesthi wae nduweni pangribawa tumrap anak-anake. Ora ana wong tuwa sing ora ngrestui anake tanpa alesan, wong tuwa kuwi mesthi wae kepengin sing apik kanggo anake.

Sajrone novel KGJ iki nyritakake yen Widya karo Hendra kuwi kenal ing sawijine adicara manten kang Hendra dadi juru beksa lan Widya dadi domas, banjur saka kenalan ing panggon kuwi Hendra karo Widya saya raket lan asring dolan bareng, banjur bocah loro kuwi mau pacaran, lan sawise pacaran uga asring dolan bareng. Saben dina kaya ora uwal anggone reruntutan ngalor ngidul, rasane mung seneng wae, tumuju ing wayah sore arep bali dumadakan udan deres banget, banjur wong loro kuwi mau ngiyup ing gudhang kosong tengah bulak. Ya

ing papan kuwi wiwit kepanjangan dewane asmara, lali marang paugeran nerak wewaler, banjur sateruse wis ora perduli maneh, malah kerep golek papan kanggo ngumbar nepsune asamara. Banjur Widya kuwi mbobot lan saiba wirange keluargane Widya bareng mangerteni yen Widya kuwi ngandhut disik, bapak lan ibune Widya ora setuju yen dheweke rabi karo Hendra, amarga Hendra kuwi mung juru beksa lan uga dheweke nduweni sikap sing introvert marang kaluwargane, lan kaluwargane Widya kuwi kagolong kaluwarga sing terpandang ing desane. Nanging piye maneh, yen wis kadung kaya mangkono kuwi wong tuwane Widya kepeksa kudu nikahake Widya karo Hendra. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Nalika teka ing papane wong nduwe gawe, Widya ketemu karo penari sing dadi cucuk laku. Saiba nggantheng lan sembadane. Dhasare besus ngadi busana ditambah eseme kang tansah anggiwat. Kepeneren wektu kuwi Widya dipatah dadi putri dhomas. Sabanjure padha tetepungan lan dadi rakete. Ora mung ing papan kuwi wae, sateruse Hendra kerep dolan ing omahe Widya. Sawise lulus sekolah Widya kerep dolan bareng karo Hendra. Mesthi wae duline ing wanci awan, awit menawa wengi cetha wong tuwane ora nglilani. Jenenge setan kuwi ora kenal wengi utawa awan, mesthi wae nggodha marang sing padha lali. Critane Widya banjur mbobot. Gelem ora gelem Hendra kudu tanggung jawab. Kanthi rasa kuciwa lan nyangga wirang wong tuwane kepeksa ngrabekake.” (KGJ, 2017:07)

Kedadeyan sing dumadi kuwi uga nuduhake sesambungane karo unsur pamangun liyane, yaiku setting utawa latare, mligine latar panggonan. Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane unsur setting utawa latar panggonan yaiku “dolan ing omahe Widya”. Saka Pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen wong tuwane Widya kepeksa ngrabekake anake amarga wis mbobot disik lan dadi wirange keluarga. Wiwit Hendra rabi karo Widya wong tuwane Widya wis ora ngurusi Widya lan Hendra, nanging isih pisan-pisan nyambangi putune. Wiwit dirabi Hendra uripe Widya beda banget karo uripe pas isih karo wong tuwane, apa-apa bisa keturutan, nanging pas dheweke nikah karo Hendra dhuwite Hendra mung cukup kanggo kabutuhane keluargane. Widya banjur mikir perkara dheweke nikah karo Hendra ora diwenahi restu marang wong tuwane mula uripe saiki susah lan rejekine ora barokah. Widya lagi nyadar yen pancen restu saka wong tuwane sakloron kuwi sing paling wigati sajrone mangun bale wisma.

Saben wong kang mangun bale wisma kuwi kudu pikantuk restu saka wong tuwane, amarga restune wong tuwa kuwi restune gusti sisan. Ing sawijine wengi Widya eling marang lelakone sing wani ucul saka wong tuwane lan milih urip wong loro karo Hendra. Hendra kuwi nduweni sikap introvert dadi Widya kudu manut marang apa wae sing dadi keputusan Hendra. Pas dheweke lagi eling-eling dumadakan kelingan marang swarane bapake sing pancen ora sarujuk anggone jejodhoan karo Hendra. Apa awit ucape bapake kuwi banjur uripe dadi angel anggone ngumpulna rejeki. Widya mung unjal ambegan ngupaya ngilangi pikirane sing ora-ora, nanging pancen restune wong tuwa kuwi berkah kanggo wong kang mangun bale wisma. Nganti saiki Widya isih kelingan terus karo omongane bapake, amarga dheweke wis mbuktekake dhewe yen omongane bapake kuwi ana benere. Jenenge wong tuwa kuwi ora bakal ngandani sing ora bener marang anake, apa kang diucapake dening wong tuwa kuwi mesthi ana benere lan nyata. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Rabi kok karo tukang njoged, kowe mbesuk arep mangan apa....eling Ndhuk..”. tembung-tembung kuwi nganti saiki sajak ora bisa ucul saka pangangene.” (KGJ, 2017:02)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen bapake Widya wis menehi piweling supaya ora nikah karo Hendra sing penggaweyane mung dadi juru beksa. Wong tua kuwi kepengin yen anake nek wis omah-omah kuwi uripe penak, ora kok wong tua kuwi matre lan pengen golek mantu sing sugih. Nanging uga wong tua mikirne anake sok mben yen wis omah-omah kuwi bakale urip penak, lan ayem tentrem. Widya uga wis bisa ngrasakake biyen dheweke karo wong tuwane sembarangane kecukupan yen saiki bareng wis omah-omah karo Hendra malah saya kekurangan. Widya uga eling yen bapake wis menehi piweling marang dheweke sadurunge rabi karo Hendra, nanging jenenge wong wis cinta sakabehe ora digatekake, sing digatekake mung rasa cintane wae. Widya uga sadar yen sing diomongake bapake kuwi bener, lan dheweke uga getun ora manut marang wong tuwane lan rabi karo Hendra. Hendra dhewe nduweni sikap introvert sing njalari dheweke dadi pawongan sing ora gati marang kulawargane, nganti Widya dhewe getun marang apa sing dumadi ing panguripane saiki.

Masalah Pangupajiwa

Pangupajiwa kuwi penggaweyan kang dilakokake saben manungsa, lan saben manungsa kuwi beda-beda anggone nduweni penggaweyan. Ana pawongan kang penggaweyane penak, ayem lan tentrem ana uga pawongan kang penggaweyane kurang penak, uga ana kang asil saka penggaweyane mung cukup kanggo kabutuhan saben dina. Uga ana wong kang nduweni penggaweyan kang bisa mulyake uripe lan kulawargane, uga bisa ngangkat drajate lan kulawargane. Nanging saben penggaweyan kuwi kudu disyukuri lan dilakoni kanthi ikhlas. Hendra sing nduweni sikap introvert kuwi ora

gelem nuruti apa sing dikarepake dening maratuwane, maratuwane Hendra kepengin yen dheweke kuwi leren dadi juru beksa nanging sikape Hendra sing introvert ndadekake dheweke dadi pawongan sing egois lan sakarepe dhewe. Senajan ta kuwi maratuwane Hendra ora gelem nurut nganti maratuwane wis wegah ngandani utawa gati marang Hendra lan ora gelem ngakoni yen Hendra kuwi mantune.

Pak Prapto rumangsa isin nduweni mantu kang penggaweyane dadi juru beksa, amarga kulawargane Pak Prapto kuwi kalebu kulawarga pangkat lan terpendang lan akeh kancane Pak Prapto kang ngrasani mantune, awit saka kuwi Pak Prapto isin banget. Uga Pak Prapto menahi pilihan marang Hendra kerja ing sawah utawa ing kantor, nanging kalorene ditolak karo Hendra lan tetep dadi juru beksa, Hendra wedi yen ngurus sawah awake bakal ireng lan ora payu maneh dadi juru beksa. Saiba luwih gela maneh batine Pak Prapto nduweni mantu sing kaya mangkana, ora nregani maratuwane, malah sak penake dhewe. Sing bener kuwi Hendra kudune manut marang maratuwane, amarga maratuwa kuwi ya padha karo wong tuwa dhewe, lan apa kang dikarepake maratuwane uga bab sing apik. Nganti ing sawijine dina Pak Prapto menahi keputusan sing ora bisa ditampa dening Hendra. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

Tundhone Pak Prapto aweh keputusan supaya mantune mandheg saka anggane mbeksa, dene uripe bakal ditanggung kabeh. Hendra ngeyel ora gelem, nganti Pak Prapto nibakna omongan sing ora bisa ditampa mantune. (KGJ, 2017:41)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Pak Prapto menahi keputusan supaya Hendra kuwi gelem leren saka penggaweyane lan Pak Prapto bakal nanggung kabeh biaya uripe karo Widya lan anake, nanging Hendra ora gelem kepengin tetep nerusna panggautane. Alasane kejaba jenenge wis kawentar kepengin ngurip-urip kabudayan mligine tari. Saiba kuciwane Pak Prapto banjur dadi bibit pasulayan. Nganti kuciwane bapakne Widya rumangsa isin, awit saben-saben ketemu kancane akeh sing padha ngrasani marang penggaweyane mantune. Pak Prapto nesu-nesu marang mantune yaiku Hendra, amarga ora gelem nurut marang maratuwane kang nduweni niat apik supaya dheweke ora dadi juru beksa lan wis ditawani Pak Prapto ngurus sawah utawa kerja ing kantor.

Masalah Ekonomi

Ekonomi nduweni peran minangka upaya kanggo mbebasake manungsa saka urip kang kekurangan. Ekonomi kang cukup utawa ekonomi sing dhuwur, bakal nyukupi kabutuhane saben pawongan lan uripe bisa ayem, tentrem, saengga pawongan kuwi bisa nduweni jiwa kang tenang. Masalah ekonomi muncul yaiku sing lanang ora bisa nyukupi kabutuhan bale wismane, saengga kulawargane uripe kekurangan. Kanggo nyukupi kabutuhan sajrone bale wismane wong wadon kudu melu

kerja. Ing bale wismane Widya lan Hendra kabeh sarwa kekurangan amarga penggaweyane Hendra mung dadi juru beksa lan ora saben dina ana tanggapan, munging wulan-wulan tartamtu ana wong kang nanggap dheweke, uga saiki wis akeh saingan kang luwih saka dheweke. Hendra uga nolak panjaluke maratuwane sing pengin Hendra leren dadi juru beksa lan kerja ing kantor utawa ngurus sawah. Nanging jenenge wong tuwa sepira gelane atine marang anake isih pancet wigati marang anake lan uga isih menahi dhuwit kanggo anak lan putune.

Godhong gedhang sing arep kanggo mbuntel mendut isih numpuk durung dirumat, alo-alon godhong kuwi dicandhak banjur disuweki lan dilapi. Karo ngelapi godhong pikirane mblayang maneh kel;ingan nalika cilikane, bapak ibune tresna banget lan apa wae panjaluke dituruti. Menawa gedhe digadhang-gadhang bisaa dadi wong kang uripe mulya lan bisa ngangkat drajate wong tuwane, naginga kabeh kuwi malah kosok baline, uripe saiki ora karuwan lan malah dadi wirange wong tuwa. Bathine Widya ngrasa sedhih yen mbandhingake cilikane karo anake saiki, aja maneh kanggo tuku dolanan, tuku susune wae kadang-kadhang isih telat. Dumadakan lawange ana sing ndhodhog, dikirane wong sing arep pesen jajan, ananging jebul malah Lik Parno lan ibuke Widya, Lik Parno kuwi rewange kulawargane Widya wiwit Widya isih cilik nganti saiki. Mangerteni ye ana tamu Widya bnajur ngringkesi godhong sing ana ing meja, Bu Darmi mung nguwasna wae banjur lungguh ing kursi. Sajak prihatin nyawang anake wedok kuwi wis omahe cilik, kursine akeh sing jebol, mesthi njomplang banget yen ditandhingne omahe. Sabenere atinr mangkel banget, anging piye maneh kuwi wis pilihane anake. Bu darmi teka ing omahe Wwidya amarga oengin ketemu karo putune, nanging putune kang aran Angga kuwi wis turu, jenenge bocah cilik yen wis turu kuwi angel gugahane. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Yawis menawa bocahe ora gelem tangi, ibu dakbali wae,” banjur padha metu saka kamar. “Iki kanggo nukokno susu anakmu, menawa ana apa-apa cepet telpon ibu.”

Widya kanthi rasa isin nampani dhuwit saka ibune. Pancen saiki lagi butuh kanggo tuku susu lan gula. Satemene luhe arep tumetes nanging diempet, sumelang menawa nganti kedonangan wong tuwane. (KGJ, 2017:06)

Kedadeyan sing dumadi kuwi uga nuduhake sesambungane karo unsur pamangun liyane, yaiku setting utawa latare, mligine latar panggonan utawa setting. Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane unsur latar panggonan utawa setting yaiku ing ukara “metu saka kamar”. Saka Pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen ibuke Widya isih wigati marang dheweke lan anake, masio dheweke lan Hendra wis nggawe kuciwane wong tuwane bola-bali amarga ora gelem di kongkon leren dadi juru beksa lan ganti kerja ngurus sawah utawa ing kantor dheweke ora gelem, neng wong tuwa ora bakal lali marang anake. Apa maneh yen anake lagi kesusahan lan

kekurangan bakal dibantu karo wong tuwane lan ora ana wong tuwa sing tega marang anake. Widya mung ngadeg mbegegeg ing tengahe lawang. Panyawange tumuju ibune sing mlaku ijen nrabas tengahe udan. Rasane dadi trenyuh, dene wong tuwane jebul isih migatekna marang uripe. Mbokmenawa bener ana tetembungan sagalak-galake macan ora bakal nguntal marang gogore.

Upayane Paraga Ngowahi Sikap Introvert sajrone Novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi

Urip ing bebrayan kuwi kudu ngupaya, saben pawongan kuwi nduwe upaya dhewe-dhewe kanggo mulyakake uripe dhewe-dhewe. Supaya urip kuwi isa bahagia ayem lan tentrem kudu bisa nduweni rasa syukur marang gusti ingkang maha agung, aja nganti dadi wong kang gampang bosen sinau, kudu bisa njaga reputasi utawa njaga jenenge dhewe, lan kudu bisa seneng sedekah marang wong liya, amarga apa kang diwenahi dening gusti kuwi isih ana kang kudu dipringake denung wong kang sing mbutuhake. Ing sajrone novel KGJ iki ana bab kang njlentrehake upayane paraga sajrone novel iki. Lan bakal dijlentrehake upaya-upaya kang dilakokake dening paraga sajrone novel iki.

Upayane Hendra

Ana sajrone novel iki Hendra kuwi pawongan kang nduweni sikap introvert, sikap introverte te Hendra kuwi kalebu sikap introvert pangrasa. Ing ndhuwur wis dijlentrehake yen Hendra kuwi ora nate gati marang kulawargane, dheweke mung mentingake awake dhewe. Kamangka dheweke minangka kepala kelwarga kuwi kudune bisa ngayomi lan nafkahi kulawargane, lan kulawargane uga njagakne dheweke, amarga Widya mung nyambut gawe adol jajan sithik-sithik mung cukup kanggo kabutuhane saben dina yen Hendra lagi ora ana tanggapan. Nanging jenenge menungsa kuwi mesti nduweni rasa kudu owah saka padatan, lan Hendra kuwi saya suwi saya owah sikape, sikape sing biyen introvert dadi ekstrovert lan gati marang kulawargane.

Golek Penggaweyan Liya

Sajrone wong kang mangun bale wisma kuwi, wong lanang pancen sing kerja, amarga wong wadon kuwi ngramut anak, garwa lan omah. Pancen wong lanang kang nafkahi wong wadon, dadi piye carane wong lanang kudu bisa nyukupi butuhe wong wadon. Apa maneh yen wis nduwe anak, malah saya akeh kabutuhane, dadi wong yen wis mangun bale wisma lan nduweni anak, kudu luwih rekasa anggane golek dhuwit, supaya bisa nyukupi kabutuhane anak lan garwane. ing sajrone novel KGJ iki Hendra ora bisa nyukupi kabutuhane Widya lan Angga yaiku anak lan garwane. nanging ing kene dheweke uga ngupaya supaya bisa nyukupi kabutuhane anak lan garwane. Awit saka dheweke mung dadi juru beksa kang ora saben dina ana tanggapan, mula dheweke uga melu kerja ing salone kancane yaiku Shanty lan Merry, nanging sadurunge dheweke kerja ing salon awor karo kancane sing banci loro kuwi mau, dheweke uga njaluk izin marang Widya, amarga Widya kuwi garwane dadi ana apa-apa dheweke kudu njaluk izin marang garwane, amarga tidhone garwane kuwi ya ridhone gusti. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Ngene Dhik, keri-keri iki gaweanku sepi. Utangku akeh, lan butuhe tambah. Umpama aku mbukak salon ngunu piye?” Hmmm... sawetara aku melu kancane sinau alon-alon. Mengko menawa wis pinter lagi mandhiri.”
“Ohhh... Ora apa-apa Mas” Widya sajak ora trima
“Dadi kowe menahi palilah ta?”
“Yahhh... karepmu Mas,” wansulane sajak abot. (KGJ, 2017:57-58)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Hendra njaluk izin marang Widya arep mbukak salon, nanging sadurunge mbukak dheweke bakal melu ing salone kancane yakiku Shanty lan Merry. Nanging Widya kepeksa nurut marang garwane. Piye maneh kuwi sing dadi kepala kulawarga. Tanggung jawabe pancen gedhe, rasa wirang lan kuciwa bakal disimpen kanggo nutupi kekurangane Hendra. Sedina utuh wiwit panjaluke Hendra mau pikirane Widya ora karuan, batine sajak ora trima menawa nganti garwane raket banget karo banci. Sumelang nganti ketularan wewatekane, durung menawa krungu kulawargane saiba wirange dene garwane saiki arep dadi banci. Mripate Widya mung kaca-kaca karo nguwasna polahe anake lunjak-lunjak ing ngarep tivi nirokna film kartun, ing batine ngrasa saiba wirange anake yen bocahe gedhe bakal dadi wirange yen nduweni bapak banci, uga bakal dipoyoki kancane-kancane.

Gati Marang Kulawarga

Saya suwe Widya mangun bale wisma karo Hendra, lagi dheweke mangerteni yen Hendra ora wigati marang kulawargane lan mung menahi nafkah nanging ora menahi kasih sayang marang anak lan garwane. Saiba kagete Hendra pas wayah dheweke mulih neng omahe ora ana pawongan babar pisan lan dheweke bingung gedor-gedor lawang ora ana sing mbukakake, banjur dheweke langsung ndobrak lawange lan mangerteni yen pancine ora ana anak lan garwane ing njero omah. Bareng mangerteni yen ana swara banter saka omahe Hendra banjur tanggane metu lan menahi kabar yen Angga anake melbu rumah sakit, banjur age-age Hendra melu nyusul neng rumah sakit. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Saiba kuciwane Hendra bareng bali tekan omah ora bisa mlebu. Awit lawang dikunci, lan ora ngerti parane garwane karo anake. Pikire garwane kuwi mesthi turu ing omahe wong tuwane mumpung dheweke ora ana omah. Sangsaya suwe batine saya panas. Awit ora sabaran, lawang banjur disadhuk nganti gedobrak..... swarane banter. Salah sijine tangga banjur metu lan menahi kabar menawa garwane ing

rumah sakit awit anake lara.” (KGJ, 2017:35)

Kedadeyan sing dumadi kuwi uga nuduhake sesambungane karo unsur pamangun liyane, yaiku setting utawa latare, mligine latar panggonan. Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane unsur setting utawa latar panggonan yaiku “bali tekan omah”. Saka Pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen Hendra ora mangerteni yen anake lara ing rumah sakit. Wiwit esuk nganti bengi dheweke ora mulih menyang omahe, mula saka kuwi dheweke ora mangerteni yen anake mlebu rumah sakit. Samestine yen wis nduwe garwa lan putra kuwi Hendra kudu bisa tanggung jawab marang kulawargane. Widya uga arep ngabari Hendra nanging ora bisa, mula saka kuwi Widya bingung arep nggawa anake nang rumah sakit. Nanging ora suwe kancane Widya kang aran Rahman dolan ing omahe Widya, banjur Widya lan anake Angga diterne Rahman menyang rumah sakit.

Upayane Widya

Saben wong kang mangun bale wisma kuwi sing lanang karo sing wadon kudu bisa kompak kanggo supaya kulawargane kuwi bisa urip ayem tentrem. Yen wong lanang kuwi krja, wong wadon yen bisa uga ngewangi kerja, amarga yen kalorone kerja kabutuhane saben dina kuwi bisa cukup lan ora sarwa kekurangan. Uga yen sing lanang kurang bisa nafkahi wong wadon kudu bisa mbantu. Widya uga ngewangi adol jajan ing warung-warung lan uga ngewangi dadi cucuk laku pas wayah Hendra lara. Dadi wong wadon kuwi ora mung bisa njaluk nafkah marang garwane, nanging uga kudu bisa ngewangi yen garwane lagi ora isa menehi nafkah, amarga yen wong wadon bisa ngewangi dadi bisa nyukupi kabutuhan.

Makarya

Widya bingung banget anggone arep nyukupi kabutuhane. Apamaneh saiki anake wis umur telung taun lagi seneng-senenge jajan. Nanging Hendra mung menehi nafkah pas-pasan, mula Widya kudu bisa pinter-pinter ngatur dhuwit sing cupet kanggo kabutuhane saben dina, nganthi dheweke adol jajan lan dititipake ing warung-warung kang ana ing cedheke omahe. Nanging mung jajan saithik kaya ngunu cukup kanggo nambah-nambahi kabutuhane saben dina. Amarga dhuwit sing diwenahi Hendra kurang kanggo kabutuhan saben dina, kadangkala bathine saka adol jajan kuwi ya ora bisa nyukupi kanggo kabutuhane saben dina. Amarga wong wis omah-omah lan wis nduweni anak kuwi kabutuhane tambah akeh, dadi yen sing kerja mung siji lan kerjane mung dadi juru beksa uatawa cucuk laku uga mesthi wae kurang kanggo kabutuhane saben dina. Widya uga untunge bisa nggawe jajan dadi saithik akeh isih nduwe cekelan saka adol jajane kuwi. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

Kanggo nutupi kabutuhane urip, Widya nyoba gawe jajanan kaya lempur, endut lan liyan liyane banjur dititipna ing warung-warung. Nadyan bathine ora akeh nanging bisa kanggo nutup butuh. Saora-

orane susune anake ora telat. (KGJ, 2017:02)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Widya adol jajanan ing warung-warung amarga kabutuhane akeh lan dhuwit sing diwenahi Hendra kuwi mung sithik lan kadang kala malah kurang kanggo kabutuhane lan liyan-liyane. Gelem ora gelem Widya kudu melu ngupaya supaya susune anake ora nganti telat, mesakke bocah sing isih cilik kuwi nganti susune telat. Amarga akeh kebutuhan nagnthi susune anake telat, Widya uga wanita kang gekem ngupaya kanggo kulawargane, saben dina dheweke nggawe jajanan lan dititipake ing warung-warung. Amarga dheweke mung isa nggawe jajanan kuwi kanggo nambahi kanggo kabutuhane saben dina, jenenge wong wedok ya kudu isa mbantu wong lanang, supaya kulawargane ora kekurangan lan sengsara.

Ngganteni Hendra Dadi Juru Beks

Widya minangka wong wadon, dheweke uga sadhar yen garwane lagi lara, dadi gelem ora gelem dheweke kudu bisa ngewangi mbantu garwane. amarga wong yen wis mangun bale wisma kuwi kudu padha tulung tinulung. Kaya ing novel KGJ iki Hendra garwane Widya kurang anggone menehi nafka, mula saka kuwi Widya kurang Hendra nyambut gawe, supaya bisa nyukupi kabutuhane saben dina lan kulawargane ora kesusahan. Mula saka kuwi Widya nganti ngganteni Hendra dadi cucuk laku supaya dheweke lan kulawargane ora kesusahan, lan asil saka dheweke dadi cucuk laku bisa kanggo nyukupi kabutuhane kulawargane. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Kapan Mas tanggapanmu kuwi?” pitakone Widya sajak trenyuh.

“Iki lho,” wangsulane Hendra karo ngelungna cathetan.

“Wis Mas ja kokpikir. Aku bisa nggolekna gantimu. Sing penting saiki openana anakmu wae.”

“Lha caramu piye?”

“Aja kwatir Mas, aku ana bocah sing bisa diajak ngrampungki perkaramu. Ora perlu sumelang, sing penting kabeh luamku gangsar. Pandongamu wae, aku sesok dakgolek gantimu,” (KGJ, 2017:104)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Widya melu ngewangi golekake cucuk laku kanggo ngganteni Hendra, amarga Hendra lara dheweke ora bisa dadi cucuk laku. Kaya ngunu kuwi wong mangun bale wisma kuwi kudu padha tulung tinulung, uga padha mbantu, jenenge wong mangun bale wisma kuwi dibangun wong loro, yen salah siji ana sing kesusahan kudune sijine uga ngewangi. Meneri wektu tanggapan ing nggane wong nduwe gawe mantu, Widya meling marang garwane supaya ngemong Angga. Dheweke pamit arep ngetutna cucuk laku sing dadi gantine Hendra. Sandhangan tari sing mau bengi wis disiyapna diwadhai tas banjur digawa. Widya banjur ngeblas numpak sepeda motor tumuju papane wong sing nduwe gawe. Batine Hendra krasa lega yen garwane bisa

ngrantasi gawe, umpama ora kayangapa nasibe dheweke sing bakal diundhat-undhat dening tukang rias.

Upayane Hendra karo Widya

Saben wong kang mangun bale wisma kuwi kudu padha-padha ngupaya supaya bisa ngepenakake uripe. Yen wong loro padha-padha ngupaya bakale bisa nduweni bale wisma kang ayem tentrem lan ora kekurangan apa-apa. Neng mung siji wae sing ngupaya kuwi kurang maksimal seje maneh neng wong loro kuwi luwih maksimal. Sajrone urip ing bebrayan kabeh wong kuwi kudu ngupaya supaya bisa ngepenakake kulawargane, ora ana wong sing urip ing bebrayan nanging ora ngupaya.

Hendra sadhar ing sasuwene iki dheweke jejodhoan karo Widya kuwi ora oleh restu saka wong tuwane Widya, nanging kekarone padha nduweni tekad sing gedhe supaya isa urip bebarengan. Sajrone bale wisma kuwi kekarone kudu padha-padha ngupaya supaya isa ngenakna uripe ankae, saya suwi anak kuwi ya butuh ragad sing gedhe kanggo pendidikane. Mula dadi wong tuwa kuwi kudu bisa nragadi anake, ora ana wong tuwa sing kepengin anake uripe enak lan ora sengsara. Nanging awit saka panganame wong tuwane Widya, Hendra ora wani nyambut gawe dadi juru besa maneh, mula saka kuwi saiki Widya lan Hendra kudu ngupaya supaya bisa nata uripe lan kanggo masa depene anake. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Awake dhewe mung bisa ngupaya lan ndedonga supaya anggone mbangun tresna bisa langgeng lan kalis ing rubeda.”

“Panjalukku iya ngono, nanging kahanan sajak ora bisa nampa.”

“Sing durung bisa nampa kuwi kowe. Aku ngerti menawa wong tuwamu ora sarujuk marang jejodhoane awake dhewe. Nanging, saka tekad lan gedhene tresnamu marang aku, temahan awake dhewe bisa urip bareng. Apamaneh wis gandhulan anak. Saiki kari nata nasib wae supaya ora katula-tula.”

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Hendra nduweni tekad supaya bisa ngrubah nasibe awake an keuwargane, masio dheweke ora direstui jejodhoan aro Widya nanging dheweke kudu bisa mbutikake yen bisa nggawe kulawargane bahagia lan uripe ayem tentrem. Jenenge manungsa kuwi mung bisa ngupaya lan dedongan marang gusti supaya diparingi urip sing ayem tentrem lan ora kurang apa-apa. Nanging saben manungsa kuwi nasib lan tadire beda-beda, kadang kava ana wong sing neng ndhuwur lan uga kadang kala maih dadi ing ngisor. Amarga roda panguripan uwi mesthi muter dadi ora ana sing mangerteni nasibe wong ing masa depan kuwi kaya ngapa. Mula saka kuwi dadio manungsa kamng tansah ngupoaya kanggo masa depan lan kanggo supaya bisa ngangkat drajate uripe sing ora enak dadi enak. Nanging yen wis diparingi gusti enak

kuwi kudu tansah eling marang panjenengane lan tetep ngucap syukur marang gusti kang maha agung. Sangsaya nuwuhake rasa katresnane Widya marang Hendra bareng ngrasakna tembung-tembunge kang ndudut atine, lan nggawe dheweke semangat ngupaya bebarengan karo Hendra.

Akibat saka Sikap Introvert sajrone Novel KGJ anggitane Tulus Setiyadi

Saben apa wae kang dilakokake ing bebrayan iki ana sabab kan akibate, kaya dene pepatah, wong nandur mesthi ngunduh. Dadi saben apa wae sing dilakoakke ing bebrayan kuwi kita kudu bisa tanggung jawab, amarga yen kita wis wani nglakoni berarti uga wis wani nanggung akibat kang bakal tuwuh saka apa kang wis dilakokake. Ing sajrone novel KGJ iki uga akeh sebab lan akibat kang disandang dening paraga Hendra saka sikap introverte, saben apa kang dilakokake dening Hendra kuwi bakal ana akibate, kaya dene dheweke kerja ing salon lan kaweruhan maratuwane kuwi uga ana akibate, lan pas wayah Widya ngewangi dheweke dadi juru beksa lan kaweruhan maratuwane uga ana akibate, lan saka kaluputane Hendra kuwi mau dadi nesune bapake Widya, nganthi arep misahne Widya saka Hendra. Jenenge wong tuwa kuwi mesthi wae kepengin sing apik kanggo anake, nanging kabeh wong kuwi nduweni pilihan dhewe-dhewe. Uga yen anake wis mangun bale wisma dhewe sing bener kuwi wong tuwa ora oleh melu cawe-cawe marang bale wismane anake.

Arep Dipisahne Karo Maratuwane

Saben wong tuwa kuwi mesthi pengen sing apik kanggo anake, ora ana wong tuwa kang pengen anake urip kekurangan lan sengsara, kabeh wong tuwa pengen anake kuwi uripe penak, ayem lan tentrem. Ora salah yen Pak Prpto kuwi isin amarga mantune wis dadi juru beksa ora payu malah saiki kerja ing salon lan bareng karo banci. Neng Pak Prpto uga salah amarga isih melu cawe-cawe urusan bale wismane anake, sing bener kuwi wong tuwa wis ora usah melu cawe-cawe apa kang dilakokake anak lan mantune, neng mung menehi nasihat ya ora apa-apa, nanging yen wis wani arep misahna kuwi ora apik.

Ngepasi dina Minggu Hendra ora nyambut gawe, dheweke ing omah mung resik-resik karo garwane. Masio omahe cilik kaya ngunu yen ditata bebarengan isa dadi ayeme panguripan. Nanging ora suwe sabubare resik-resik, dumadakan saka ngarep gang ana bembruduke wong sing sajak arep mara ing omahe. Widya lan Hendra sajak bingung weruh kahanan sing kaya mangkunu, pancen aneh ora kaya padatan Pak Prpto lan Bu darmi sing biasane wegah ketemu Hendra saiki malah diparani dhewe lan ora mung wong tuwane Widya tok sing mrunu nanging ana Burhan lan uga Lik Parmo. Thukul rasa kang ora kepenak ing batine Widya, nanging kepiye maneh jenenge ana tamu lan kuwi wong tuwane dhewe banjur age-age dikongkon melbu ing omah. Widya arep niat nggawekna weang malah dipenging dening Pak Prpto, kabeh kudu lungguh ing papan kono, batine Widya saya ora karuwan, lan bener apa sing dadi pangirane Widya, wong tuwane mrengsaperlu arep ngelingake Hendra maraga penggaweyane

sing dianggep ora pantes lan gawe wirange kulawargane Widya. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Saiki ngene wae, kowe Hendra!” ganti Pak Prapto nakino mantune. “Bisa ora kowe mulyakna uripe anakku. Supaya uripe ora kesrakat kaya ngene iki?”

“Inggih kula badhe mbudidaya,” wangsulane Hendra sajak gemeter.

“Mbudidaya apa? Lha gaweanmu saben dina mung rangkulan karo banci wae kok mbudidaya.”

“Sepisan maneh kowe bisa ninggalna pakaryanmu kuwi apa ora?” potakone pak orapto teges.

“Mboten saged, awit sampun dados panggautan kula wiwit riyin.”

“Ohhh... ngono?” ujure Pak Prapto karo mripate mendhelik. “menawa ngono kowe kudu pisah karo anakku. Ngerti?” (KGJ, 2017:88-89)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen tembung Pak Prapto kaya petir kang nyamber awake. Getihe kaya mandheg, jantung kaya pedhot, awake dadi gemeter nganti kringete kemruntus. Arep ngomong mbela dhiru sajak ora bisa, mripate mung plorak-plorok kaya wong ilang. Sawetara wong-wong sing ana ing kono mung bisa meneng lan padha ngrasa prihatin, nanging kabeh ora nduweni kuwasa. Kabeh wong ing kono mung bisa meneng lan ora bisa ngomong apa-apa, yen Pak Prapto wis ngomong kaya mangkono ora ana sing bisa nglawan utawa mbalikake omongane Pak Prapto, amarga wonge kuwi yen wis akeh keutusan ora ana wong kang bisa ngubah keputusan kuwi. uga Pak Prapto ing kunu wong tuwa dhewe, dadi kabeh ora ana sing wani cawe-cawe.

Lara

Sangsaya suwe kahanane Hendra tambah ora karuwan, awake lara-laranen awit mikir terus marang elakone. Ora nyambut gawe, mangan terus. Mesthi minangka wong lanang ndadekna sanggan kang ora entheng. Kala-kala mung ngrewangi garwane nggawe panganan sing dititipna ing warung, kuwi asile mung kanggo tuku uyah kala-kalaisih kurang. Banjur sing dadi pikirane, saka ngendi garwane bisa urip? Hendra pangirane tekan ngendi-endi. Nalika garwane pamit setor jajan ing warun, dheweke mung karo Angga dhewe ing omah. Panyawange tumuju njaba terus sajak ana sing dipikirna, rasa getun awit ora bisa nerusna perjuwangane minangka juru beksa gawe semangat uripe anjlok. Gegayuhane kepengin terus nglakoni penggaweyane kuwi, nanging mbalik maneh marang tembung Pak Prapto. Menawa dipikir padha abote, nanging kulawarga uga penting. Dheweke nyambut gawe dadi juru beksa ya kanggo anak garwane, uga saben-saben mung kangen karo kanca-kancane. Arep dolan ora nyekel dhuwit kaping pindhane bisa dadi mala. Ing tengahe pikirane sing nglambrang ana wong lanang teka karo nggawa kerdus, banjur Hendra ngematne pawongan kuwi, saiba kaya diobong batine Hendra jebul sing teka kuwi Burhan. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Kulanuwun,” uluk salame Burhan sing wis ana ing sangarepe lawang. “Ngapa Mas?” pitakone Hendra karo isih lungguh ing kursi.

“Dhik Widya ana endi Mas?” pitakone Burhan karo tolah-toleh sajak kemaki.

“Ngapa nggoleki garwaku, ana perlu apa?” ucape Hendra sajak sengak.

“Saiki garwamu, nanging ora suwe bakal dadi garwaku. Ngerti?” kandhane Burhan sing pindhane bledheg ngampar-ampar. (KGJ, 2017:96)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen sebenere niat Burhan apik nanging kedhisikan emosi ne lan uga Hendra kang sajak ora seneng marang Burhan nggawe munake emosine wong loro kuwi mau. Hendra ditantang gelut karo Burhan, nanging krungu panantange Burhan, Hendra wis mengkirik, aja maneh gelut, nyambut gawe kasar wae ora kuwat. Menawa diladeni mesthi kalahe, kanggo nutupi kekurangane, Hendra golek akal supaya bisa ngalahna Burhan sing kemaki kuwi. Banjur Hendra nyandhak hp ethok-ethok nelpon tanggane. Kepeneran anasalah siji tanggane sing metu sakaomahe banjur nyawang kontrakane Henra. Kuwi sing gawe rasane Burhan rada mikir, banjur dheweke jenggelak ngalih karo nyaduk meja. Hendra dhewe rada lega dene wong kemaki kuwi wis adoh saka omahe, batine semu kemekelen awit tamune kuwi kapusan. Nanging sing gawe pikirane pangancame, jenenge wong nduwe mesthi bisa wae arep nindakna apa sing dadi karepe.

Mati

Mlebu ing wulan Rejeb lan Ruwah akeh banget calangan, kala-kala sedina bisa nganti 6. Saben dina kringete kaya diperes kanggo ngoyak rejeki kang ana, mesthi wae sing nampa tanggapan ora wong siji annaging wong telu yaiku Hendra, Widya lan Djoko. Awit saka semangate kabeh dadi digawe seneng, apamaneh ana Djoko kang bisa dadi rewange Hendra rasane bisa lega banget. Ing sawijine dina Hendra arep bali saka tanggapan, wayahe bedhug panase nylekit kulit. Apamaneh liwat dalan kang sepi, dumadakan saka kadohan ana priya ngadhang daan karo sepedha motore, sing medeni wong kuwi mau nggawa penthing kang gedhe. Sepedha motore lakune dialun-aluna, bareng diematna jebul sing ngedhang kuwi Burhan, rasane Hendra kaya disamber petir. Dhasar bocah wedian banjur langsung lunga saka papan kana, nanging Burhan tetep nguber Hendra, banjur Hendra terus mbanterna akune. Awit saka rasa wedine banjur Hendra maah tiba an nyempung ing sawah. Banjur malah dikapokna lan ditingga ngalih karo Burhan. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Sukur... rasakna!” swarane Burhan sing angsung bablas tanpa akeh pitulungan. (KGJ, 2017:137)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Burhan ora nulungi Hendra lan malah ngapokna, banjur Burhan uga langsung ngalih saka papan kana. Sakala makpet, donyane dadi peteng, ngerti-ngerti Hendra wis ana ing ruwangan kang ambune kebak obat. Bareng ditamatna infuse lan cumenthel ing ndhuwur, tegese Hendra kuwi mau semaput lan digawa ing rumah sakit. Ora sawetara suwe Widya an Djoko padha teka, banjur nangis karo ngerti keadaane Hendra. Ora sawetara suwe banjur Hendra wis sadar, lan Widya nakoni Hendra menawa ana sing dirasakna Hendra lara, nanging Hendra ngomong yen dheweke ora apa-apa. Widya banjur ngucap syukur marang gusti sing wis menehi keslametan marang Hendra. Uga Hendra ora crita marang Widya yen dheweke mau kuwi didhang dening Burhan. Banjur sepedae Hendra kuwi mau digawa ing bengkel kari Djoko, Widya an Hendra ngucap matur nuwun sing akeh kanggo Djoko kang wis ngewangi keuwargane.

Esuk kuwi Widya lan Djoko budhal tanggapan lan Hendra ditinggal ana ing omah dhewean, pancen awake Hendra sik ora kepenak dadi ora melu Widya lan Djoko tanggapan. Ora swetara suwe Widya, Angga lan Djoko bali saka tanggapan, saiba kagete Widya bareng weruh garwane wis pucet tanpa napas ing kamare. Banjur dheweke bengok-bengok sing nggawe bingunge Djoko karo tangga-tanggane. Banjur kabeh Djoko lan tangga-tanggane Widya mara ing kamare lan lagi mangerteni yen Hendra wis ora ana, kabeh wong padha akget lan ora percaya yen Hendra wis ora ana. apa maneh Widya dheweke uga ora nyangka yen garwane bakal ninggalake dheweke secepat iki. Kaya Pethikan ing ngisor iki:

“Saiba sedhihe Widya kudu ditinggal mati garwane. Jagad sajak peteng dhedhet dene wong sing ditresnani kudu lunga selawase.”
(KGJ, 2017:144)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Widya nandhang kesusahan amarga ditinggal mati garwane sing ditresnani. Ora sawetara suwe kulawargane Hendra saka Jombang teka lan nambahi swasana dadi tambah haru. Udan tangis ing omahe Widya, kabeh ngrasa kelangan Hendra. Nadyan kontrakane elek nanging sing padha nglayat kaya ngebaki bumi. Kanca-kanca seniman padha teka, ora keru banci-banci kancane Hendra, kaya Merry lan Shanty sing tangise kaya wong wadon lan dadi kawigatene sing padha nglayat. Kabeh sajak nggetuni marang lungane Hendra tumuju alam kasuwargan, lan Hendra ninggalna sekabehane. Hendra mung dadi kenangan, Hendra wong lanang sing nduweni semangat perjuwangan. Kabeh ngenani Hendra siki mung dadi kenangan sing bakal dikenang dening wong sing cedhak karo dheweke.

PANUTUP

Dudutan

Panliten kanthi irah-irahan “Sikap introvert sajrone Novel *Kembang Gamboja Jingga anggitane Tulus S*” ditindingi kanthi nggunaaake tintingan Psikologi Kapribadhen Carl Gustav Jung. Ana petang perkara kang

bisa didudut yaiku kang kapisan gegambarane sikap introvert, sikap intorverte paraga Hendra sajrone novel *Kembang Gamboja Jingga* iki cundhuk karo teorine Carl Gustav Jung. Sikap introverte paraga Hendra kuwi nyebabake dheweke nduweni watak sing egois lan ora tanggung jawab marang kulawargane. Nganti garwane kudu melu makarya supaya bisa nyukupi kabutuhane saben dina.

Kang kapindho yaiku problem utawa masalah saka sikap introverte paraga Hendra. Wiwit saka dheweke arep jejodhoan karo Widya ora entuk restu saka wong tuwane Widya. Nganti dheweke sida rabi karo Widya isih ana problem utawa masalah yaiku masalah pangupajiwa utawa penggaweyan lan masalah ekonomi. Masalah kuwi tuwuh amarga sikape introverte Hendra marang kulawargane.

Kang katelu yaiku upayane Hendra owah saka sikap introvete kuwi kawiwitan saka anake melbu rumah sakit. Saka kuwi dheweke nduweni sikap kang gati marang kulawargane lan uga dheweke ngupaya supaya kulawargane ora kekurangan, nanging ora mung Hendra sing ngupaya nanging Widya uga melu ngupaya bebarengan karo Hendra supaya bisa ngowahi panguripane.

Kang kepatat yaiku akibat saka sikap introvete Hendra sing ora gelem leren saka penggaweyane dadi juru beksa amarga dheweke ora bisa kerja liyane uga sikape dheweke sing introvert ndadekake dheeke ora nggatekake omongane wong liya, mua saka kuwi maratuwane ora seneng marang dheweke. Maratuwane uga ngutus Hendra supaya golek gawean liya, nanging Hendra ora gelem lan dadi gelane maratuwane nganti maratuwane ngancem bakal misahake Hendra lan Widya. Wiwit saka pangancame maratuwane kuwi Hendra ora wani dadi juru beksa maneh, saking bingunge ora bisa dadi juru beksa maneh dheweke mikir anggane berjuwang nganti saiki kuwi sia-sia, akibat saka dheweke mikir pangancame maratuwane nganti dadi larane lan patine.

Pamrayoga

Panliten tumrap novel *Kembang Gamboja Jingga anggitane Tulus S* kanthi tintingan Psikologi Sastra iki mujudake panliti kapisan, lan isih bisa ditliti maneh nggunakake tintingan liyane. Tintingan sabanjure diajab bisa ngonceki novel *Kembang Gamboja Jingga* iki kanthi luwih jero. Kadadeyan-kadadeyan kang ana ing sajrone novel *Kembang Gamboja Jingga* ikibisa kanggo patuladhan tumrap pamaca. Sing paling wigati yaiku ngenani sikap introvert paraga Hendra sajrone novel *Kembang Gamboja Jingga* iki.

Lumantar panliten iki kaajab supaya bisa nyengkuyung pangrembakane sastra jawa modern mligine kanthi tintingan Psikologi Kapribadhen Carl Gustav Jung. Saka panliten iki, muga bisa nuwuhake gregete para pamaos supaya ora niru sikape Hendra sing Introvert, saengga bisa urip ayem lan tentrem nalika urip ing masyarakat, lan ndadekake tuladha kang becik lan nambah kawruh kanggo urip ing masyarakat. Panliti uga sadhar yen panliten tumrap novel *Kembang Gamboja*

Jingga anggitane Tulus S iki adoh ska kasampurnan, kaajab marang panliten sateruse supaya bisa luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2009. *Psikologi Kepribadian* edisi revisi. Malang: UMM Press.
- Aminudin. 1990. *Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh.
- Arikuntoro S, 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Ed Revisi VI, Penerbit PT Rineka Cipta, Jakarta.
- Cahya, Erwindi. 2017. *Rasa Sumelang Paraga Utama Sajrone Cerbung Pilihan Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*. (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBSF FBS Unesa.
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern (Kajian New Historicism)*. Unesa University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Med Press
- Endraswara, Suwardi. 2002. *Metodologi Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, Dan Aplikasi*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Luxembrug, Jan Van dkk. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Terjemahan Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.
- Minderop, Albertine. 2010. *Psikologi Sastra Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurgiyantoro 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Prandana, Yohan. 2015. *Problem Kajiwan Paraga Utama Sajrone Novel Nalika Rembulan Panglong Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*. (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBSF FBS Unesa.
- Ratna Nyoman Kutha. 2004. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna Nyoman Kutha. 2013. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratnasari, Dessy. 2012. *Tumindak Nyebal Paraga Utama Sajrone Cerbung Guwa Banger Anggitane Tiwiek SA kanthi Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*. (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBSF FBS Unesa.
- Sujanto,dkk, Agus. 2004. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Sunarto, 2001. *Metodologi Penelitian Ilmu-Ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya: UNESA Press.
- Surakhmad, Winarno. 1985. *Pengantar Penelitian Ilmiah: Dasar, Metode dan Teknik*. Bandung: Tarsito.
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.